



Pou Piblikasyon Imedya: 14/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS KE 50,000 KONTRAVANSYON YO BAY PANDAN MOBILIZASYON APLIKASYON LWA NAN MOMAN SUPER BOWL LA NAN TOUT ETA A

Yo te bay 8,536 kontravansyon nan tout eta a pou eksè vitès

Yo te bay 1,021 kontravansyon nan tout eta a pou moun k ap kondwi avèk kapasite afebli

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke ajans fòs lòd yo atravè Eta a te bay 49,948 kontravansyon pou plizyè vyolasyon veyikil ak vyolasyon lalwa sikilasyon yo, ki gen ladan 1,021 kontravansyon pou moun k ap kondwi avèk kapasite afebli pandan yon mobilizasyon nan tout eta a pandan peryòd selebrasyon Super Bowl la. Kanpay la te dewoule depi lendi 3 fevriye 2025 jiska dimanch 9 fevriye 2025.

"Nouyòk gen zewo tolerans pou chofè k ap kondwi ak kapasite afebli oswa ensousyan ki mete tèt yo ansanm ak lòt moun k ap pataje wout la an danje", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle remèsye ofisyè fòs lòd nou yo pou vijilans yo nan retire moun sa yo sou wout nou yo."

Pandan kanpay la, ofisyè fòs lòd Eta ak lokal yo te mete sou plas pòs kontwòl pou tcheke si chofè yo pa sou ak ogmante patwouy yo pou anpeche, idantifye epi arete chofè k ap kondwi avèk kapasite afebli yo.

Nan kad aplikasyon lalwa a, Manm patwouy yo te sible tou chofè k ap fè eksè vitès ak chofè ki agresif yo toupatou nan eta a. Anba a gen yon repatisyon kantite kontravansyon total yo te bay yo.

Vyolasyon	Kantite Kontravansyon
Kondui avèk kapasite afebli	1,021
Kondi Distrè	1,914
Mete w akote	227
Eksè Vitès	8,536

Senti sekirite	1,083
Lòt Vyolasyon	37,167
Montan Total	49,948

Komisè Depatman Veyikil ak Motè a (Department of Motor Vehicles), ak Prezidan GTSC a Mark J.F. Schroeder te deklare, "Rezilta kanpay sa a montre nesosite pou kanpay aplikasyon lwa sa yo ki ankouraje selebrasyon ki an sekirite. Pran bon desizyon an se yon desizyon ki fasil. Planifye pou yo retounen lakay ou san ou pa sou. Li pa vo lapèn pou pran risk pou yon arestasyon, blesi oswa lanmò."

Sirentandan Lapolis Eta Nouyòk la, Steven G. James, te deklare, "Blesi ak lanmò ke chofè ki gen kapasite afebli ak sou lakòz se bagay ki ka totalman evite. Atravè edikasyon ak aplikasyon lwa kontinyèl, Lapolis Eta Nouyòk rete angaje pou kenbe wout Nouyòk yo an sekirite, lè li dekouraje, detekte, ak arete otomobilis k ap kondwi ak kapasite afebli yo. Mwen remèsye patnè fòs lòd nou yo nan Depatman Veyikil Motorize (Department of Motor Vehicles, DMV) pou patenarya yo nan konbat moun k ap kondwi ki sou epi ak kapasite afebli."

Pandan kanpay Super Bowl 2024 la, ofisye fòs lòd yo te arete 262 moun pou kondwit sou enflians alkòl epi yo te bay 8,388 kontravansyon total.

Cherif nan Konte Chautauqua ak Prezidan Asosyasyon Sherif Eta Nouyòk la, James Quattrone, te deklare, "Nou swete ke tout moun te jwi wikenn Super Bowl la. Dè milyon moun te gade gwo jwèt la epi yo te pran desizyon entelijan pou yo pa kondui ak kapasite afebli. Malerezman, gen kèk moun ki mete tèt yo, pasaje yo ak lòt itilizatè wout yo an danje lè yo kondwi anba enflians alkòl oswa dwòg. Fòs de lòd yo te bay kontravansyon ak arete anpil nan chofè danjere sa yo. Sherif Eta Nouyòk yo vle ou jwi sezon an epi remèsye nou tout ki te chwazi pou pa kondwi ak kapasite afebli."

Kanpay aplikasyon lalwa pou moun k ap kondwi avèk kapasite afebli a se youn nan plizyè inisyativ kowòdone Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a patwone pou redwi aksidan sikilasyon ki gen rapò ak alkòl ak lòt dwòg. Mobilizasyon sible sa yo bay fòs lòd yo nan tout eta a resous pou sible minè k ap bwè yo epi ogmante patwouy DWI ak pwen kontwòl soubriyete pandan peryòd kanpay la. Lòt kanpay kont moun k ap kondwi avèk kapasite afebli fèt ozalantou Fèt Sen Patrik, Fèt Endepandans, Fèt Travay, Fèt Halloween, Fèt Aksyon de Gras, ak peryòd tan soti nan out pou rive septanm ak desanm pou rive janvyè.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, 'HOPEline' 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Ou ka jwenn tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, rezidans kominotè yo, oswa swen pou

pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodbò Disponibilite Tretman NYS OASAS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb NYS OASAS la](#).

Pou plis enfòmasyon sou GTSC, vizite trafficsafety.ny.gov/, oswa suiv konvèzasyon GTCS la sou [Facebook](#) ak [X \(ke yo te rele avan Twitter\)](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)